

# Pandemi EBT (P-EBT) fon pou manje pou Ane Lekòl 2021-2022

## Èske m ka jwenn P-EBT?



## W ap jwenn P-EBT si w se elèv:

- Te jwenn P-EBT deja,
- Kalifye pou manje gratis oswa nan pri redui anba Pwogram Nasyonal Manje Lekòl la (National School Lunch Program - NSLP), oswa
- Ale nan yon lekòl ki gen manje gratis pou tout elèv yo - Dispozisyon pou Elijibilite nan Kominote a (Community Eligibility Provision-CEP)\*, AK
- Te rate lekòl akòz rezon ki gen rapò ak COVID. Egzanp yo gen ladan l:
  - Elèv te gen COVID, te oblije mete l an karantèn, oswa te rate lekòl akòz sentòm ki sanble ak COVID ak/oswa ap tann yon tès negatif
  - Lekòl elèv la te fèmen tanporèman pou aprann adistans

Pa gen okenn enfòmasyon konfidansyèl sou sante pou absans ki gen rapò ak COVID yo pataje ak leta a pou kalifikasyon P-EBT

\*Kounye a, tout elèv yo jwenn manje gratis nan lekòl akòz règ espesyal COVID. Vizite [MAp-EBT.org](http://MAp-EBT.org) pou yon lis lekòl CEP yo. Kontakte lekòl ou a pou w aplike pou NSLP si w pa t resevwa P-EBT deja ak lekol ou pa CEP.

## Konbyen mwen ka jwenn?

Sa depann de konbyen jou yon elèv pa t asiste lekòl pou rezon ki gen rapò ak COVID:

1-5 absans = \$21/mwa

6-15 absans = \$71/mwa

16+ absans = \$128/mwa

## Ki jan & ki lè m ap jwenn fon yo?



- Peman P-EBT yo ap disponib **25 Me** (absans Septanm 2021 - Avril 2022), **25 Jen** (absans Me), ak **25 Jiyè** (absans Jen).
- Si w te resevwa P-EBT deja, tcheke DTA EBT oswa kat P-EBT ou deja genyen an!
  - Bezwen yon nouvo kat DTA EBT? Mande youn sou DTA Connect, rele **877-382-2363** oswa ale nan yon biwo DTA
  - Bezwen yon nouvo kat P-EBT? Vizite [DTAConnect.com/pebt](http://DTAConnect.com/pebt) oswa rele **877-382-2363** epi peze **7**
- **Si w se nouvo ak P-EBT:** tcheke kourye w pou yon kat P-EBT oswa, si w resevwa benefis DTA, tcheke kat DTA EBT ou.

Sèvi ak P-EBT & SNAP pa gen enpak sou ou oswa sou sityasyon imigrasyon pitit ou a. Pa gen pwoblèm pou w jwenn benefis sa yo. Ete P-EBT ap vini. Kenbe kat ou.

**MAp-EBT.org • Apèl Asistans DTA 877-382-2363 (peze "7")**

Jwenn plis lajan pou manje chak mwa ak SNAP - jiska \$835 pou yon fanmi 4 moun! Ou ka jwenn P-EBT & SNAP menm lè. [MAp-EBT.org/SNAP](http://MAp-EBT.org/SNAP)

